

La Bib pou ti moun prézané



Yon chèf tanp lan ale lakay Jezi



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Byron Unger; Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : M. Maillot; Sarah S.


Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org


©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.

Yon jou, lè Jezi t ale nan tanp lan, li te
jwenn kèk moun ki t ap dezonore kay Bondye
a. Yo t ap vann bèt ak chanje lajan anndan
tanp lan menm.




Jezi fè yon fwèt ak kòd, li te mete machann yo deyò nan tanp lan. Li di : "Wete tout bagay sa yo devan je mwen. pa fè kay Papa m nan tounen yon mache." Jezi te renmen kay Papa li a anpil.




3

Chèf yo te mande pou yo wè yon siy ki t'ava pwouve Jezi te gen dwa pou li netwaye tanp lan. "Detwi tanp sa a, epi m ap rebati li nan twa jou." Jezi te reponn yo. Sa enposib ! Yo te pran karant-sis jou pou te bati li.




4

Jezi t'ap pale de kò li. Menm jan ak tanp lan, kò li se te kay Bondye. Malgre Jezi t'aprale mouri sou kwa a, li te konnen Bondye t'ap ba li lavi ankò sou twazyèm jou a.



5

Yon jou lannuit, youn nan chèf tanp yo t'ale vizite Jezi. Akòz mirak li yo, li te konnen se Bondye ki te voye Jezi. Nikodèm te vini wè Jezi pou li te kapab aprann plis bagay sou Bondye.



6

Jezi te di Nikodèm moun yo te dwe fèt yon lòt fwa pou yo antre nan Wayòm Bondye a. Nikodèm pa te konprann. Kijan yon granmoun kapab tounen yon tibebe ankò ? Anplis, li te relijye. Èske sa pa t'ase ?



7

"Sila ki te fèt nan Lespri a se Lespri, Jezi te eksplike li. Lespri Bondye a tankou van. Moun yo pa wè van an, osinon yo pa konprann li. Yo sèlman wè sa van an fè."



8



Jezi te fè Nikodèm panse ak pitit Izrayèl yo ki t ape plenyen bay Moyiz nan tan lontan. Yo t ap kriye : "Nou pa genyen ni manje ni dlo, epi nou rayi pen Bondye te ban nou an."

9



Peché pèp la te fè Bondye fache. Li te voye sèpan pwazon yo nan mitan yo. Sèpan yo te mòde pèp la, epi anpil ladan yo te mouri.

10



"Nou te peche. Priye Senyè a pou li retire sèpan sa yo," yo te sipliye. Se konsa Moyiz te priye pou yo. Men, Bondye pa te retire sèpan yo.

11



Bondye te di Moyiz pou li fè yon sèpan an metal epi mete l sou yon pote. "Tout moun sèpan yo te mòde y ap viv lè yo gade sèpan ki sou pote a," Bondye te pwomèt yo. Moyiz te fè yon sèpan an kuiv, epi moun ki te gade li yo te geri.

12




Jezi te di Nikodèm Pitit Bondye a dwe mete anlè, menm jan ak sèpan an kuiv la. Jezi t ap pale de kwa a kote li t ap mouri pou pechè yo.

13




Jezi te di: "Bondye tèlman renmen mond lan, li bay sèl Pitit Gason li a, pou tout moun ki kwè nan li pa janm mouri, men pou yo genyen lavi k ap dire pou tout tan an (etènèl)."

14




15

Nikodèm petèt pa te vin disip Jezi jou swa sa a, men plizyè lane apre sa, li te montre li te renmen Jezi ak tou li te genyen lafwa nan li lè li te ede antere Pitit Bondye a ki te krisifye a.



16

Apre vizit sa a, Jezi ak disip li yo te pati nan nò. Lòt moun te bezwen tandè pale de Wayòm Bondye a epi pou yo te gen chans pou yo kwè nan Jezi, moun Nazarèt la, Pitit Bondye a.



17

Yon chèf tanp lan ale lakay Jezi

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,


Nap jwen-n nan

Jan 2:3, Nonb 21

"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130

18



41



60

19

Istwa bibliik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Piniyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa : "Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité. Edé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

20